МКОУ «Дунялалъул маданият гимназия»

# Авар адабияталъул Г1адатияб гуреб дарс

# Прилагательное

Х1адурана:
Мирзабегова
Г1аишат Магомедаминовна

с. Гуни

**Дарсил мурад:**

1.Прилагательноял такрар гьари ва гьезул х1акъалъулъ ц1алдохъабазе щвараб лъай щула гьаби.

2. Предложениялда ва раг1абазул дандраязда жаниб прилагательное х1алт1изабун бажари.

3. Нилъер Ват1аналде, вижараб ракьалде, гьелъул т1абиг1аталде рокьи бижинаби, рух1ияб рахъ бечед гьаби. Эбел-инсул адаб гьаби.

**Дарсил алатал**: компьютер, проектор, слайдал, Ш.Ханакаевасул кеч1 «Салам», 6-7 классалъул авар мац1алъул т1ехь, карточкаби, кроссворд, дидактикияб материал.

Доскаялда хъвай-хъваг1ай:

Аралда нилъеца туманк1 реч1ч1ани,

Бач1унелъ нилъеда г1арада реч1ч1ула (халкъияб аби).

**Дарсил ин:**

1. Байбихьи
   Биччала Ш. Ханакаевасул кеч1 «Салам». Ах1ила лъималазги муг1алимасги цадахъ.
   Салам кьела ц1алдохъабазеги гьалбазеги.
2. Кроссворд :
   1. Предложениялъул бет1ераб член щиб? щив? щий? Щал? абурал суалазе жаваблъун бач1унеб, жинца предметги бихьизабулеб…
   2. «Маг1арулал», «Къунгкъраби» абурал асаразул авторасде ц1ар.
   3. Абиялъулъ жал бат1иял, маг1наялъул рахъалъ цогоял ялъуни маг1на г1агарал раг1аби ккола …
   4. Мац1алъулъ ругел киналго раг1абазда абула …
   5. Абиялъулъ ва хъваялъулъ релълъарал , амма жидер маг1на бат1иял раг1абазда абула … нус-нус, мац1-мац1
   6. Предметалъ гьабулеб ишги бихьизабулеб, щиб гьабулев абураб суалалъе жаваблъунги бач1унеб каламалъул бут1а.
   7. Ц1адаса …

4. Класс бикьула к1иго группаялде, ц1алдохъабазухъе кьола карточкаби баг1аралги т1огьилалги. Карточкабазда ругел раг1абазе синонимал ва антонимал хъвазе.
   Берцинав – гьайбатав – сурарав
   Лъик1аб- ц1акъаб – квешаб
   Ч1ег1ераб - бец1аб – хъах1аб
   Авданаб г1умру – эркенаб – рагъулаб

5. Ахирал лъезе
6. Раг1абазул дандраял ургъизе.
   Класс абураб раг1игун

7. Т1ахьидасан х1алт1и.
8. Х1алт1и 1, гьумер 69
9. Предложениялъул синтаксисияб разбор:
   Инсанасе ракълилаб г1умру бокьула.
10. Эпиграфалде к1вар кьела.

11. Т1абиг1аталде сапар.

12. Прилагательноял ратизе

Къо щвела борхатаб хъахIилаб зодихъ
Хъахlаб къункъра лъугьун дунги паркъела.
Гьелъул гьаркьидалъул ракьалда тарал
Киналго нуж, вацал, дица ахIила.

1. Рокъобе х1алт1и: гьит1инаб сочинение хъвазе «Нижер класс»

Х1асил:
Кинаб каламалъул бут1а нилъеца иакрар гьабураб? Кинал ругел прилагательноязул грамматикиял г1аламатал?
Прилагательноялъул разрядал прилагательное кин падежазде сверулеб? Предложениялда жаниб прилагательноялъул к1вар?

8. Цоцазе г1аксаб маг1на бугел раг1аби ккола ....
9. Кинаб? Кинав? Кинай? Абурал суалазе жаваблъун бач1унеб предложениялъул член.
10. К1иго яги чанго чиясул гаргар буго ...
11. Муг1алим абураб раг1и г1урус мац1алда буго ...
12. *Г1. Шахтамановасул «Халкъалъул ццин» абураб асаралъул аслияв* багьадур ....
13. Бахчараб дандекквей.
14. Глагол г1емерисеб мехалъ кинаб предложениялъул член кколеб.

**Такрар гьаби:**

Прилагательное сунда збулеб?

Мисал бачине гьабила.

Кинал граммматикиял г1аламатал прилагательноялъул нужеда лъалед?

**Лъай щула гьабиялда т1ад х1алт1аби:**

Х1алт1аби х1аял.

1. Шаразда жанир х1алт1аби лъела.

   А) Гьал раг1аби авар мац1алде руссинаризе:

   Красивая- берцинай

   Лисья – царалаб

   Кирпичный – кирпичалъул

   *Гьал прилагательноязул бат1алъи щиб?*

   Б) бит1унхъвай такрар гьаби:

   Бат1и-бат1ияб

   Кант1огьилаб

   Гьабила х1асил.
2. Физминутка

   Щуго килищ, цох1о квер,

   Босе гьудул, босе гьаб.

   Анц1го килищ, цох1о зар,

   Босе тушман, босе гьаб.

3. Морфемияб разбор.

   Берцинаб, кант1огьилаб.